

Apèl FEMA Nan Florid Ka Soti Nan Nimewo Enkoni

Release Date: Febriye 27, 2025

TALLAHASSEE, FLA.— FEMA ka rele Moun Florid yo ki te aplike pou asistans katastwòf nan nimewo telefòn enkoni. Li enpòtan pou reponn apèl sa yo. Sivivan yo ta dwe retounen nenpòt apèl telefòn yo te rate.

FEMA ka rele aplikan yo pou diskite sou estati dosye yo, oswa pou jwenn plis enfòmasyon pou kontinye trete aplikasyon yo. Sivivan yo dwe tyeke pou asire yo tout enfòmasyon kontak yo ajou.

Pwopriyetè kay ak lokatè yo ka mete enfòmasyon kontak yo sou entènèt nan DisasterAssistance.gov, lè l sèvi avèk aplikasyon FEMA oswa pa telefòn nan **800-621-3362**. Liy yo ouvè chak jou epi èd disponib nan pifò lang yo.

Pou w jwenn dènye enfòmasyon sou rekipasyon Siklòn Milton, vizite fema.gov/disaster/4834. Pou Siklòn Helene, vizite fema.gov/disaster/4828. Pou Siklòn Debby, vizite fema.gov/disaster/4806. Swiv FEMA sou X nan x.com/femaregion4 oswa sou Facebook nan facebook.com/fema.



FEMA

Page 1 of 1